

Fason pou Prepare pou yon Odyans

Si odyans ou a ap fèt fas-a-fas, pa lapòs, oswa sou entènèt, swiv etap sa yo pou amelyore chans ou pou gen yon bon rezulta:

- W ap bezwen prepare w. Li tout seksyon lwa yo te ba ou sitasyon pou li a epi sanble mezi prèv ou kapab.
- W ap bezwen konvenkan. Prezante prèv ki konplè ak kredib. Itilize foto, deklarasyon ekri, ak imajri satelit pou kore dosye ou a.
- W ap bezwen pwofesyonèl. Ekri yon deklarasyon defans ki onèt epi konsidere fè notarye nenpòt deklarasyon temwen.

Pou konsèy espesifik sou fason pou prepare pou yon odyans, ale sou sitwèb www.nyc.gov/parkingadvocate.

Si yo twouve ou koupab, ou ka konteste nan 30 jou apre dat desizyon an. Pou konteste:

- Konsidere peye tikè a pou evite plis sanksyon. Si ou genyen kontestasyon ou a, yo pral ranbouse ou peman an.
- Prepare defans ou. Rasanalbe tout prèv epi eksplike nan deklarasyon defans ou a poukisa desizyon jij la pa te kòrèk. Gen posiblite pou w soumèt plis prèv ki gendwa pa te disponib pandan odyans orijinal ou a.
- Bay tout detay yo nan deklarasyon ou a. Lè ou itilize eksplikasyon ki kout epi ki pa konplè, yo pa konvenkan.
- Ekri deklarasyon konplè ou a sou yon fèy papye apa pou bay detay yo.
- Itilize bonjan enfòmasyon ak langaj nan lwa a ki eksplike poukisa ou kwè desizyon jij la pa bon.
- Kontakte Biwo Defansè Sitasyon Pakin Vil New York la pou evite fè erè moun konn fè souvan yo.

Si ou pa genyen kontestasyon ou a, ou pral gen kat (4) mwa pou dat desizyon kontestasyon an pou depoze yon kontestasyon Atik 78 ak Lakou Siprèm Eta New York la.

Kontakte Biwo Defansè Sitasyon Pakin Vil New York la

Biwo Defansè Sitasyon Pakin Vil New York la se yon biwo endepandan nan Depatman Finans la. Misyon nou se pou:

- Ede publik la ak pwoblèm ak plent pakin oswa kamera.
- Aji kòm yon entèmedyè ant manm publik la, Depatman Finans, ak lòt ajans minisipal ki enplike nan pwosesis sitasyon pou pakin lan.
- Enfòme publik la konsènan regleman konsènan sitasyon pou pakin ak politik Depatman Finans la.
- Identifye, rapòte, epi ede rezoud pwoblèm sistemik nan pwosesis sitasyon pou pakin lan.

Ou ka mande èd nan men Defansè Sitasyon pou Pakin nan si ou te fè yon efò rezonab pou rezoud pwoblèm ou an ak Depatman Finans la epi ou pa te jwenn yon solisyon.

Menmsi ou soumèt yon demann oswa ou resevwa asistans nan men Defansè Sitasyon pou Pakin nan, ou pa pral gen plis tan pou peye oswa konteste tikè ou a. W ap toujou bezwen respekte tout dat limit ki sou tikè ou a oswa sa lalwa mande.

Gen èd fas-a-fas disponib.

Ale sou www.nyc.gov/parkingadvocate pou dat ak adres yo.

Gen plis Enfòmasyon nan www.nyc.gov/parkingadvocate.

Ou ka rele tou 311 pou jwenn èd.

Si ou bezwen yon aranjman pou yon andikap oswa pou yon pwoblèm medikal pou ou kapab aplike pou yon sèvis oswa pou ou kapab resevwa sèvis la oswa pou ou kapab patisiye nan yon pwogram Depatman Finans ofri, nou envite ou pou kontakte Fasilitatè Sèvis Andikap la nan www.nyc.gov/contactdofeo oswa rele 311.



nyc.gov/finance

OPSA Brochure [Haitian Creole] – 12.18.18



Yon Gid sou Fason pou Peye oswa Konteste Vyolasyon pou Pakin

SE BIWO DEFANSÈ SITASYON PAKIN NAN KI PREPARE LI



OFFICE OF THE
PARKING SUMMONS
ADVOCATE

Kisa pou w fè lè yo ba ou yon tikè pakin

ANVAN OU DEPLASE MACHIN OU:

- Li tikè ou a.
- Rasanble prèv.



Pran foto

Dokimante sèn lan nan tout kwen. Montre non lari yo, adres biling kote yo te ba ou tikè a, ak nenpòt bagay ki fè referans a tikè ou a (siy, mèt, otokolan, oswa plak, elatriye).



Mezire distans yo

Si tikè ou a gen pou wè ak distans, mezire yo. Itilize tout sa ou genyen: yon tep pou mezire, soulye ou, gryi twotwa a, elatriye.



Pale ak temwen

Si gen temwen, pran enfòmasyon pou kontakte yo epi mande yo si y ap dakò pou fè yon deklarasyon notarye pou ou.

APRE OU RIVE LAKAY OU:

- Chèche lwa yo te di ou vyole a.
- Ale sou www.nyc.gov/parkingadvocate pou jwenn plis enfòmasyon sou vyolasyon pakin.
- Deside si w ap peye oswa konteste tikè ou a.
- Sanble kat sou entènèt ak imaj satelit pou ajoute prèv ak foto ou te sanble sou sèn nan.
- Si w peye tikè w la pa lapòs, pa blyi mete ase tan pou yo resevwa lèt ou a epi chanje chèk ou a pou evite plis sanksyon otomatik pou reta.

Konsidere Konsèy sa yo Anvan ou Pake

- Li toude kote tout siye sou bò blòk ou pake a.
- Ou dwe respekte siy nan siy poto yo, nan direksyon flèch ki endike a, nan pwochen siy poto a, oswa pwochen kwen an.
- Lè ou tonbe sou de (2) siy ki di diferan bagay nan yon zòn, swiv sa ki gen mwens restriksyon an.
- Piga ou pake achwal nan yon siy poto si yo entèdi ou gare sou nenpòt ki bò poto a. Yo ka pa ou yon tikè si nenpòt pati nan machin ou depase poto a.
- Ou pa ka pake nan yon distans 15 pye ak yon bouch densandi, nan nenpòt direksyon.
- Si ou gen yon anrejistrem an tanporè, pa blyi afiche li sou tablodbò a epi kite otokolan ki ekspire a sou vit machin nan jiskaske ou ranplase li ak nouvo otokolan anrejistrem an.
- Lè w ap itilize aplikasyon ParkMobile la, pa blyi mete zòn ou gare a kòrèkteman. Ou pa ka peye pou yon zòn pandan w pake nan yon lòt.
- Si pakin nan yon zòn mèt kase, eseye tout fòm peman nan tout machin nan menm zòn pou pake a.
- Lè ou pake toupre kafou oswa pasaj pyeton, pa blyi piga okenn pati nan machin ou a touche okenn pati nan liy kafou oswa blòk nenpòt pati nan ranp la.
- Si machin ou tonbe an pàn epi ou oblige pake li ilegalman, ou dwe fè yo remòke li oswa ranje li san pèdi tan.

Fason pou w Konteste Tikè pou Pakin ou a

1. Li Tikè ou ak anpil atansyon

Si nenpòt enfòmasyon pa lizib, pa kòrèk, oswa manke, note sa nan defans ou. Pote atansyon sitou ak tikè ki ekri alamen.

Si w ap konteste yon vyolasyon kamera, ale sou sitwèb ki enprime sou tikè a epi gade akizasyon yo mete sou ou yo.

2. Rasanble prèv ou yo

Mete foto ak video ou te pran nan sèn nan, dokiman alekri ki notarye, kat ak satelit ou enprime, ak nenpòt lòt bagay ki t ap ede dosye ou.

3. Prepare defans ou

Ekri yon deklarasyon defans detaye ki rezime ka w la.

Si w pa okipe tikè a w ap peye sa.

